



Pou Piblikasyon Imedya: 8/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 3.7 MILYON DOLA DISPONIB POU SIBVANSYON
Kwasans Entelijan yo pou kominote Pak Adirondack ak Pak
Catskill yo**

*Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la ap mande aplikasyon pou pwojè pou
konekte pwoteksyon anviwònmantral, devlopman ekonomik, ak abitabilite
kominotè nan Rezèv Forestyè a*

*Faz sibvansyon pou Kwasans Entelijan sa a konsantre sou lojman abòdab pou
sipòte popilasyon ak estabilite ekonomik nan kominote riral yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke 3.7 milyon dola nan Sibvansyon Kwasans Entelijan (Smart Growth Grant) disponib pou kominote yo ak òganizasyon san bi likratif yo nan pak Adirondack ak pak Catskill yo. Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, an patenarya ak Depatman Deta (Department of State, DOS) ak Ajans Pak Adirondack (Adirondack Park Agency), ap mande aplikasyon pou pwojè ki pral konekte pwoteksyon anviwònmantral, devlopman ekonomik, ak abitabilite kominotè nan Rezèv Forestyè (Forest Preserve) a. Konsantrasyon Sibvansyon Kwasans Entelijan sa a se lojman abòdab, yon eleman kle pou adrese popilasyon an ak estabilite ekonomik nan zòn riral sa yo.

"Atravè Pwogram Sibvansyon Kwasans Entelijan, n ap ranfòse devlopman ekonomik ak amelyore kalite lavi pou Nouyòkè yo nan kominote riral nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pandan Nouyòkè yo kontinye ap fè fas ak gwo depans pou lojman nan kominote yo atravè eta nou an, li vin deplizanpli difisil pou fanmi yo jwenn kote pou yo viv nan vil destinasyon yo tankou sila yo ki nan pak Adirondack ak pak Catskill yo. Lè nou priyorize lojman atravè pwogram kwasans entelijan, nou ka ede kominote yo ogmante fòs travay lokal yo, estabilize valè pwopriyete yo, epi redwi kou lavi a pou rezidan yo."

Pwogram Sibvansyon Kwasans Entelijan (Smart Growth Grants Program) DEC a enspire de mouvman "kwasans entelijan" nasyonal la, epi li pwomouvwa kwasans ki rekonèt lyen ki genyen ant devlopman ekonomik ak pwoteksyon anviwònman natirèl epi ki konstwi a. Anons jodi a make setyèm faz sibvansyon Kwasans Entelijan depi kòmansman pwogram nan. Yo bay kominote yo prèske 6.5 milyon dola – 1.9 milyon

dola nan Pak Catskill, ak 4.5 milyon dola nan Adirondack Park. Pou plis enfòmasyon, [vizite sitwèb DEC la](#).

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,

"Rezèvè Foretyè Adirondack ak Catskill la abrite yon varyete tèren piblik ak pwopriyete prive, ki kreye defi ak opòtinite inik pou kominote lokal yo. Pwojè kwasans entelijan ede kominote yo jwenn yon balans ant devlopman ak pwoteksyon resous natirèl yo, sa ki ranfòse efò lokal yo pou pwofite avantaj resous natirèl ki tou pre yo bay yo pandan y ap ankouraje devlopman dirab ak establiite ekonomik san enpak negatif sou anviwònman an."

Direktè Egzekitif Ajans Pak Adirondack la, Barb Rice, te deklare, "Pwogram Sibvansyon Kwasans Entelijan se yon opòtinite enpòtan pou kominote Adirondack ak Catskill yo pou adrese yon pakèt bezwen ak objektif. Pandan plis pase yon deseni, pwogram sa a te lakòz enplemantasyon pwojè ki dirab pou anviwònman an ki te ogmante kalite lavi rezidan pak yo. Priyorite Gouvènè Hochul pou lojman abòdab la vize yon pwoblèm kritik ke anpil kominote ap konfwonte. Nou fòtman ankouraje minisipalite yo ak òganizasyon san bi likratif yo pou yo pwofite pwogram sa a ki dedye espesyalman pou kominote Adirondack ak Catskill yo."

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Kwasans Entelijan ofri yon chemen enpòtan pou jwenn lojman abòdab, devlopman ekonomik ak dirabilite anviwònmantal nan kominote Adirondack ak Catskill yo. Sibvansyon 3.7 milyon dola Kwasans Entelijan an pral ede kominote yo nan Pak yo etabli yon vizyon alontèm, ki baze nan kominote a pou kwasans dirab, ekite ak epi ki favorab pou klima. Eta New York se yon lidè nasyonal nan kwasans entelijan, ekite ak chanjman klimatik, epi nouvo opòtinite finansman sa a jis ajoute nan seri enpresyonan politik ak pwogram sipò nou yo."

Fansman pou sibvansyon sa yo se Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) ki bay li epi li gen ladan 2.7 milyon dola pou pwojè Pak Adirondack ak 1 milyon dola pou pwojè Pak Catskill la. Objektif pwogram sibvansyon sa a se pou sipòte pwojè ki baze sou planifikasyon global ak aktivite devlopman ekonomik. Nan Bidjè Eta pou ane Fiskal 2023-24 la, Gouvènè Kathy Hochul te kenbe finansman EPF la nan 400 milyon dola, ki se nivo finansman ki pi elve nan istwa pwogram nan. EPF bay finansman tou pou pwogram anviwònmantal enpòtan yo tankou pwoteksyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminasyon espès anvayisant, aksè ak pi bon lwazi, amelyorasyon kalite dlo ak yon pwogram agresif nan zafè jistis anviwònmantal.

Pwojè ki elijib yo ta dwe sipòte pi gwo pwojè devlopman kominotè, tankou efò revitalizasyon, amelyorasyon kapital, ak devlopman òganizasyonèl oswa devlopman kapasite, epi yo ka gen ladan men yo pa limite a:

- Ofri wout ak ekipman ki favorab pou bisiklèt;
- Amelyore oswa fè pwomosyon mize ak teyat lokal/rejyonal yo;
- Amelyorasyon fasad Main Street;

- Renovasyon pwopriyete istorik yo;
- Ofri pwogram ak aktivite touristik ki baze nan kominote a;
- Kreye nouvo opòtinite lwazi;
- Devlopman santye pou plizyè itilizasyon;
- Siyalizasyon ak kyòs oryantasyon ak enfòmasyon;
- Amelyore pak ak espas piblik yo;
- Mizajou zonaj;
- Amelyorasyon sant vizitè yo;
- Anbeli sit touristik yo; ak
- Bay twotwa nan bouk yo ak vilaj yo.

Pwogram sibvansyon an akeyi tou aplikasyon pou devlopman plan global ak/oswa plan itilizasyon tèren lokal yo, ansanm ak mizajou nan plan ki egziste deja yo.

Demann Aplikasyon an disponib atravè [Pòtay Sibvansyon Eta New York la](#) epi dènye delè pou aplike se 3 p.m. mèkredi 31 janvye 2024.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418